



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO MANDE FACEBOOK POU LI RETIRE PIBLISITE KI TWOMPÈ YO SOU DWÒG TRUVADA POU PREVANSYON SIDA A

"Mwen santi mwen twouble pwofondeman akòz rapò sou [piblisite](#) twonpè yo sou Facebook ki ap kesyone sekirite ak efikasite dwòg Truvada konsènan prevansyon VIH a. Piblisite sa yo endezirab ak inakseptab, epi Facebook ta dwe retire yo imedyatman.

Ofisyèl sante yo ak regilatè federal yo te klè ke Truvada — oswa — Pwofilaksi Preyekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) san danje ak efikas. Malgre reyalye sa a, avoka laperèz yo ki manke kalifikasyon medikal yo ap soutni piblisite twonpè sa yo epi yo ap fè moun pè nan fè yo panse ke dwòg ki ap sove lavi sa a ap fè yo mal. Kanpay sa a ap mete Nouyòkè yo an danje epi li ap mete an danje gwo pa Eta nou an te fè nan ede mete fen ak epidemi SIDA a.

Sèlman semèn pase a an rekonesans ak Jounen Mondyal sou SIDA (World AIDS Day) a, nou te anonse kantite apeprè nouvo enfeksyon ak dyagnostik VIH yo apèn konfime yo ap bese nan nivo rekò - pwogrè sa a reyalye an pati gras ak itilizasyon PrEP. An Oktòb, New York te premye Eta nan nasyon an ki te òganize yon Semèn Sansibilizasyon sou PrEP, epi an 2018 yo te bay anviwon 32,000 Nouyòkè yon preskripsyon pou PrEP - plis pase nenpòt lòt Eta nan nasyon an.

Pou antisipe sousi ak konfizyon kalite fo piblisite sa yo ta pral genyen sou itilizatè Truvada yo, an Oktòb mwen te bay enstriksyon ak Depatman Sante a pou pibliye yon [lèt](#) ki rasire founisè swen sante yo ke medikaman sa a san danje ak efikas.

Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou koute founisè swen sante yo a epi pou yo pa kite yo enfliyanse akòz piblisite twoublan ak fo sa yo, ki pa gen okenn plas nan New York epi yo dwe sispann yo imedyatman".

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)